



## Gid Demaraj Rapid SendVault pou Itilize ak Pwogram Sipò pou Donatè Vivan nan Eta Nouyòk la

Depatman Sante Eta Nouyòk (New York State Department of Health) la dwe respekte Nòm Federal pou Tretman Enfòmasyon (Federal Information Processing Standards) yo ak metòd sekirite ki sètifye dapre Lwa Federal sou Jesyon Sekirite Enfòmasyon (Federal Information Security Management Act). Yon fwa done yo transfere bay Depatman Sante Eta Nouyòk la lè yo sèvi ak metòd ki anlè a, yo rete sou yon sèvi fichye Depatman Sante a dèyè pafe (firewall) a. Sèvi sa yo ekipe ak disk ki kripte tèt yo otomatikman. Disk sa yo konfòm ak Lwa Federal sou Jesyon Sekirite Enfòmasyon, yo valide dapre Nòm Federal pou Tretman Enfòmasyon 140-2 Nivo 2, epi yo sètifye pou itilizasyon gouvènman Etazini.

SendVault se fason Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon Eta Nouyòk (New York State Office of Information Technology Services) la sipòte pou voye fichye ki gwo ak trè konfidansyèl bay lòt moun avèk sekirite ak efikasite. Lojisyèl la pèmèt kriptaj fichye yo ak yon modpas.

Pwogram Sipò pou Donatè Vivan Depatman Sante Eta Nouyòk la pral resevwa aplikasyon yo, fòm ranbousman yo, ansanm ak tout resi ak dokiman sipò yo atravè yon lyen SendVault pèsonele. Lyen SendVault la ap pèmèt itilizatè yo voye fichye yo an sekirite bay Depatman Sante a atravè aplikasyon an. Itilizatè yo ka sèvi ak lyen sa a plizyè fwa pandan tout pwosesis donasyon vivan an pou soumèt demann ranbousman yo.

Pou lanse aplikasyon an, klike sou lyen ki anba a oswa kole li nan navigatè entènèt ou a:

[sendvault.ny.gov:443/nys/send/to/dropbox/living-donor](https://sendvault.ny.gov:443/nys/send/to/dropbox/living-donor).

Modpas: LivingDonor!1234

Lyen sa a disponib tou sou sit entènèt Depatman Sante Eta Nouyòk la nan [health.ny.gov/livingdonor](https://health.ny.gov/livingdonor).

### An premye, y ap mande w antre adrès imèl ou pou w jwenn aksè nan sèvis Transfè Fichye Sekirize Eta Nouyòk la, SendVault.

1. W ap resevwa yon lyen pa imèl nan adrès imèl ou bay la ki pral gen ladan lyen pou w jwenn aksè nan bwat depo (dropbox) Donatè Vivan an.
2. Yon fwa ou klike sou lyen ki nan imèl la, w ap kapab anekse fichye pou telechaje (upload) bay Pwogram Sipò pou Donatè Vivan an atravè SendVault.
3. Nan pati Tit la: antre sijè/tèm ou a; w ap gen opsyon pou ajoute plis enfòmasyon nan pati Nòt la.
4. Mete fichye ou yo lè w chwazi swa bouton **Browse for files (Chèche fichye)** oswa bouton **Browse for folders (Chèche dosye)**, epi navige pou jwenn fichye ou vle ajoute yo.
5. Klike sou ti bwat pou tcheke ki bò kote **Accept the Terms of Service (Aksepte Kondisyon Sèvis yo)**.
6. Klike sou **Send Package (Voye Pake)** pou soumèt fichye yo.
7. Kounye a, y ap mande w antre epi konfime yon modpas pou transfè fichye sekirize a.
8. Sèvi ak modpas **LivingDonor!1234**
9. Yon fwa ou wè mesaj **Done (Fini)**, sa vle di pake w la deja sou wout li.